ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№120 (23.778) ● 2018 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 2, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек Іэ тридзащ пенсэм щагъакІуэ ныбжьым нэблагъахэм ират къэрал дэІэпыкъуныгъэм теухуа законым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек Іэ тридзащ «Пенсэ ныбжьым нэблагъахэм къэрал дэІэпыкъуныгъэ зэрыратым и Іуэхукіэ» законым.

АБЫ теухуа зэхъуэкІныгъэхэр щІыналъэ законодательствэм халъхьащ икІи республикэм и Парламентыр арэзы тесыщ. Законым зэрыщыбзыхуамкІэ, пенсэ худэчыхьныгъэхэу нэхъапэм щІыхуэзм зэрызыщІагъакъуэу щытахэр яхьумащ икІи ахэр яІэнущ щІыхуэхъуэр илъэс 60, щІыхбзэкр илъэс 55-рэ ирикъуа нэужь, жьыгъэкІэ ят пенсэхэр хуагъэувыным теуха уэхутныныгъэр федеральнэ законодательствэм ипкъ иткІэ абыхэм нэхъ пасэу щІадзауэ къамыгъэсэбэнмэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуагъэуващ езым и мардэ актхэр а законым къыщыгъэльэгъуахэм игрэзэгъыкьын хуейуэ.

Законым къару егъуэт 2019 гъэм щІышлэм и 1-м къыщыщІэдзауэ икІи ар лэжьэнущ 2028 гъэм и дыгъэгъазэм и 31 пщІондэ.

Республикэм и щхьэхуитныныгъэр зэрызригъэгъуэтрэ илъэс 25-рэ зэрырикъумкІэ Хаджимбэ Раульрэ Абхъазым и цІыхубэмрэ екъуэхъущ КІуэкІуэ Казбек

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек Хаджимбэ Раульрэ Абхъазым и цІыхубэмрэ екъуэхъущ республикэм и щхьэхуитныныгъэр зэрызригъэгъуэтрэ илъэс 25-рэ зэрырикъумкІэ.

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыпсэухэм, сэ сыкъэбгъэдэкІыу Уэ, абхъаз лъэпкъым зэрыщыту, сынывохъуэхъу Абхъаз Республикэм и щхьэхуитныныгъэм и махуэмкІэ.

Блэкіа илъэсхэр щытащ къэралыгъэр зэфІэувэныжкІэ, политикэ зэпІэзэрытныныгъэр гъэбыдэныжкІэ, экономикэр, социальнэ Іэнатіэр икІи, дауи, абхъаз цІыхубэм и псэемыблэж лэжьыгъэр зэтеублэныжкІэ лъэхъэнэ гуащІэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазымрэ зэпыщІащ лІэщІыгъуэ куэдыр зи лъабжьэ зэныбжьэгъуГэмкІэ. Ди лъэпкъхэм я фІыгъэ хэлъу дяпэкІи тхъумэнщ а уасэ зимыІэ щІэныр, зедгъэужьыным ди зэдзэлажьныгъэфІым.

Мамырыгъэ, насып, зэІуэзэпэщыныгъэ, зэщІэгъэгъэныгъэ фиІэну», - итщ хъуэхъум.

Прохоренкэ Александр и цІэр фІащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыху органым и зэІуцІэм Парламентым и депутатхэм щыдАІыгъащ республикэм хиубыдэ къуршхэм ящыщ зым Урысейм и ЛІыхъужь Прохоренкэ Александр и цІэр фІэщыным теухуауэ Урысей Федерацэм ЗыхъумэжныныгъэмкІэ и министерствэм ящыщ зэдгъэужьыным. Щыгур Осетие Ищхьэрэм деж иІэ гъунапкъэм хуоэз.

Лейтенант нэхъыжь Прохоренкэ Александр къулыкъу ищІэу щыхэкІуэдащ Сирие Хьэрыл Республикэм, Палмирэ къалэр хуит къэщІыжьыным теухуа зауэр щекІуэкІым.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий ягъэуващ «Щхъуантіэхэр» урысейпсо щІыуэпс партым и унафэщІым и къуэдзэу



«ЩхъуантІэхэр» урысейпсо щІыуэпс партым и Іэтащхьэхэм я унафэкІэ «ЩхъуантІэхэр» урысейпсо щІыуэпс партым и щІыналъэ Советым и унафэщІ, КЪБР-м и Парламентым мэкъумэш политикэмкІэ, щІыуэпсымкІэ, щІым и хъугъуэфІыгъуэхэр къэгъэсэбэпныныр щІы зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым и Іэтащхьэм и къуэдзэ, КЪБР-м и Парламентым щыІэ «ЩхъуантІэхэр» фракцэм и пашэ, биологие щІэныгъэхэм я доктор, КЪБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ЩхьэгъэпсоСэфарбий партым и унафэщІым и къуэдзэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэмкІэ ягъэуващ.

Ди къуэш республикэхэм

Иугъащіэ Апсным!

АБХЪАЗ. ***Абхъазым и Президент Хаджимбэ Рауль иригъэблагъащ Приднестровье Молдавие Республикэм къикІа, ПМР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщІ Щербэ Александр зи пашэ гупыр.***

- СИ ГУАПЭУ фыкъызэгъэблагъэ хэзыгъэхуит дыззэрыхъуар къыддэзыгъэльэпІэну къэкІуа хьэщІэ лъапІэхэр. Зауэ хьэлъэм и ужькІэ дэкІа зэманым дэ ди къэралыгъуэ доухуэж. А Іуэхум мыхьэнэшхуэ щиІэщ Урысей къэралыгъуэм. Ар сэбэп мэхъу ди экономикэм фІыкІэ зихъуэжьным, социальнэ, нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэр къыдэхъулІэным ехьэлІауэ. Абы къыдэкІуэу дэ яужь дитщ къытпэщыт къалэн куэдыр дэ езым зэрызэфІэтхыжьным, - жиІащ Хаджимбэ Рауль.

Зауэ гуащІэр ТекІуэныгъэкІэ зэриухэр илъэс 25-рэ зэрырикъум, Абхъазыр зи щхьэ хущытыж къэрал зэрыхъуам и махуэшхуэм теухуа дауэдапщэхэр фокІадэм и 30-м республикэм и щІыналъэ псомищекІуэкІащ.

Нэхъыжьхэр ягъэлъапІэ

АДЫГЕЙ. ***Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ Къумпіыл Мурат щІыналъэм щыпсэу, гъащІэшхуэ къэзыгъэщІэхэм хъуэхъу яхуиГъэхьащІэ Зи ныбжь хэкІуэтахэм я дунейпсо махуэм ириухьлІэу.***

РЕСПУБЛИКЭМ щопсэу илъэси 100 ныбжьым щхьэдэхэ нэхъыжь Іумахуэу 29-рэ. Къапщтэмэ, Тохьутэмыкъуей районым щыщ Бэрэтэр ФатІимэт Тохьу и пхъум мы гъэм и дыгъэгъазэ мазэм игъэльапІэнущ илъэси 113-рэ зэрырикъур.

ЛІэщІыгъуэм щІигъу къэзыгъэщІа нэхъыжьыфІхэм я хьэщІащ властым и Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр. Нэхъыжьхэм иратащ Адыгейм и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІ сауэтхтэмрэ дэтхэнэми хуэгъэза хъуэхъу тхыльхэмрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 2, *гъубж*

♦Залымыгъэ мыляжьыным и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2007 гъэм къищта унафэмкІэ ягъэуващ, Индием и Іупкъ-щхьэхуитщІыжакІуэ зэщІэхъееныгъэм и пашэу щыта Ганди Махатмэ къыщалъхуа махуэм трагъахуэри.

♦СНГ-м хьыхь къэралхэм щагъэлъапІэ цІыхухэм профтехщІэныгъэ егъэгъуэтыным и махуэр

♦1870 гъэм Рим къалэр Италие зэгуагъэхьэжам и щыхьэр хъуащ.

♦1942 гъэм Краснодон къалэм къыщыхэрагъэпэщащ «ЩІэблэщІэ гвардие» щхьэрылажьэ комсомол зэгухьэныгъэр.

♦1945 гъэм Къэбэрдей пединститутым школ-интернат къыщыщІэдзауахащ.

♦1987 гъэм япэу телевиденэм игъэлъэгъуащ «Взгляд» нэтыныр. Ар къыщэрагъэпэщащ икІи илъэс кущкІэ ирагъэкІуэкІащ Малкин Анатолий, Лысенкэ Анатолий, Любимов Александр, Листьев Владислав, Политковский Александр, Эрнст Константин, Демидов Иван, Хангэ Еленэ, хьэрычэтыщІэ Довгань Владимир сымэ, нэгъуэщІхэми. А нэтынырщ япэу утыку къыщихьар, иужькІэ щІэрыІуэ дыдэ хъуауэ щытащ Цой Виктор и «Кино» гупыр.

♦Союзэпсо радиом и диктор, СССР-м и цІыхубэ артист, Хэку зауэшхуэм и зэманым «Совинформбюро»-м и хъыбарыщІэхэм къеджэу щыта **Левитан Юрий** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыакіуэ цІэрыІуэ, Урысей Федерацэм, КЪБР-м, АР-м, КЪШР-м, Дагъыстэным я цІыхубэ артист **Тут Заур** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщі-живописец **Ерчэн Исуф** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Пауэрлифтинг спорт лІэужьыгъуэмкІэ плІэнейрэ (1996 - 1999 гъэхэм) дунейм и чемпион хъуа **Хъуажь Юрий** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 22-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхьэнущ.

Жэпуэгъуэм и 3, *бэрэжьей*

♦Архитектурэм и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и ОМОН-м и махуэщ

♦ФРГ-м и лъэпкъ махуэшхуэщ - зэкъуэтныныгъэм и махуэщ. 1990 гъэм Германиер зы къэралыгъуэщ - ГДР-мрэ Къуэлэпіэ Берлинрэ ФРГ-м хьыхьэжащ.

♦Корее Республикэр къыщызэрагъэпэща махуэщ

♦1924 гъэм дунейм ехьэтхащ «Учительская газета»-м и апэ къыдэкІыгъуэр.

♦1929 гъэм сербхэм, хорватхэм, словенхэм я пащтыхьыгъуэм Югославие цІэр фІащащ.

♦1932 гъэм Иракым щхьэхуитныныгъэ игъуэтащ - Инджьылыз къэралыгъуэм къыхэкІащ.

♦1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкІэ и «Кабардинка» къэралыгъэм ансамблыр къызэрагъэпэщащ.

♦1938 гъэм Пермскэ область къызэрагъэпэщащ (иджы - Пермскэ крайщ).

♦1945 гъэм Профсоюзхэм я дунейпсо федерацэр къызэрагъэпэщащ.

♦Урыс усакІуэ щэджащэ **Есенин Сергей** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, генерал-майор **Къатхэн Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Джигарханян Армен** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦1942 гъэм Іракым щхьэхуитныныгъэ игъуэтащ - Инджьылыз къэралыгъуэм къыхэкІащ.

♦1943 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкІэ и «Кабардинка» къэралыгъэм ансамблыр къызэрагъэпэщащ.

♦1948 гъэм Перм щхьэхуитныныгъэ игъуэтащ - Пермскэ крайщ.

♦1949 гъэм Профсоюзхэм я дунейпсо федерацэр къызэрагъэпэщащ.

♦Урыс усакІуэ щэджащэ **Есенин Сергей** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, генерал-майор **Къатхэн Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Джигарханян Армен** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Щэрджэс тхакІуэ **Къэбэрдей ФатІимэ** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, Урысей Федерацэм и Президентым сату-экономикэ Іуэхухэмкіэ и лІыкІуэ хэхуэу Украинэм щыІэ **Зурабов Михаил** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Журналист, усакІуэ **Гъущіо Зариф** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 11 - 13 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псым ихьыр шхийм йопхъуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупІэмрэ коммуналь-нэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмрэ я лъэныкъуэкІэ субсидиехэр иратын папщІэ цІыхухэм яІэ хуитныныгъэхэр щагъэзыхукІэ 2018 гъэм тещІыхьауэ къагъэсэбэп мардэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм фокІадэм и 13-м ***Налшык къалэ*** ***№175-ПП***

Урысей Федерацэм Псэупіэмкіэ и кодексым и 159-нэ статьям и Іыхьэ 1-м, «ПсэупІэ унэмрэ коммуналь Іуэхутхьэбзэмрэ я уасэхэм ягъэкІуэ субсидиехэр зэратым теухуауэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2005 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м къыдигъэкІа унафэ №761-м и пункт 4-м ягъэкІ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ:**

1. ПсэупІэ унэмрэ коммуналь-нэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэмкІэ субсидиехэр къыщабжькІэ псэупІэ пэшым и инагъым тещІыхьа стандартхэр къэщтэн зы цІыхум хуэзэу мы къыкІэлъыкІуэхэм хуэдизу:

щхьэзакъуэ цІыхум папщІэ - метр зэбгъуэзнатІэ 33-рэ;

цІыхуитІ хъу унагъуэм папщІэ - метр зэбгъуэзнатІэ 21-рэ;

цІыхуищ хъу унагъуэм папщІэ - метр зэбгъуэзнатІэ 18;

цІыхуиплІ хъу унагъуэм папщІэ - метр зэбгъуэзнатІэ 15;

цІыхуитху хъу унагъуэм папщІэ - метр зэбгъуэзнатІэ 12;

цІыхуих е нэхъыбэ хъу унагъуэм папщІэ - метр зэбгъуэзнатІэу 10.

2. ПсэупІэ унэмрэ коммуналь-нэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэмкІэ субсидие къыІахьыну хуитныныгъэ зиІэ цІыхухэр щагъэзыхукІэ псэупІэ-коммуналь-нэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмкІэ стандартхэр 2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэуэвын мы унафэм и гуэдзэнхэу №1-16-хэм къыщыгъэлъэгъуахэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис унагъуэм и хэхъуэм щыщу псэупІэ унэмрэ коммуналь-нэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэу цІыхухэм нэхъыбэ дыдэу ятыр зыхэдизымкІэ стандартыр 2018 гъэм гъэувын:

зи закъуэу псэу пенсионерхэмрэ пенсионер зэщхьэгъусэхэмрэ папщІэ процент 12 хъуу;

адрей цІыхухэм папщІэ процент 15 хъуу.

4. Мы унафэм къару егъуэт официальнэу къыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщІ дэкІа нэужь икІи екъэлІащ 2018 гъэм щІышлэм и 1-м щегъэжьауэ зэтеува хабзэ щытыкІэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

Агропромышленнэ комплексым хиубыдэ уху-эныгъэхэр щІыным, ар къэгъэщІэрэщІэжьным, апхуэдэу техникэрэ Іэмэпсымэхэмрэ къэщэхуным трагъэкІуэдам щыщ Іыхьэ яхуэпшынысыным хуэгъэзауэ субсидиехэр зэрыхухах Хабзэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм фокІадэм и 13-м ***Налшык къалэ*** ***№176-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ:**

Агропромышленнэ комплексым хиубыдэ уху-эныгъэхэр щІыным, ар къэгъэщІэрэщІэжьным, апхуэдэу техникэрэ Іэмэпсымэхэмрэ къэщэхуным трагъэкІуэдам щыщ Іыхьэ яхуэпшынысыным хуэгъэзауэ субсидиехэр зэрыхуха Хабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм къыдигъэкІа унафэ №270-ПП-мкІэ къищтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэн:

а) етІуанэ абзацым хэт «1,053» бжыгъэхэр «1,51» бжыгъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

б) ещанэ абзацым хэт «1,58» бжыгъэхэр «2,26» бжыгъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

в) еплІанэ абзацым хэт «1,053» бжыгъэхэр «1,51» бжыгъэхэмкІэ зэхъуэкІын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ щадэлэжьэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм фокІадэм и 13-м ***Налшык къалэ*** ***№177-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ:**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ щадэлэжьэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыдигъэкІа унафэ №46-ПП-мкІэ къищтам, зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

● КЪБР-м и Правительствэм

Щыналъэхэр зэрызэдэлажьэнур яубзыху

КЪБР-м и Правительствэм хэтхэр фокІадэм и 28-м яІущІащ Тулэ областым и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Миляев Дмитрий зи пашэ лІыкІуэхэм. ЗэІущІэм хэтащ республикэ унафэщІхэмрэ республикэм и сату-промышленнэ Іуэхуэхэм елэжьхэмрэ.

ЗэІУЩІЭР къыщызэІуихым, Мусуков Алий жиІащ лэжьыгъэ Іуэхукіэ иджы япэу Тулэ щІыналъэм къикІахэр къаэзрыхуеблэгъар.

- Урысейм экономикэ и лъэныкъуэкІэ нэхъ зызыужьа и щІыналъэхэм ящыщу Тулэ областыр. Псом хуэмыдэу ар лъэщІ промышленностым къыщІигъэкІымкІэ, - жиІащ Мусуковым. - Апхуэдэу къыхэзгъэщІыпхъэщ иужьрей илъэситІым къриубыдэу щІыпІэм зезыгъэужьыну инвестицэ ІуэхуэхэмкІэ абы екъуІэныгъэфІхэр зэриІэр. Апхуэдэ щІыналъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр сыт зэрыдэлэжьэфынур жыпІэмэ, ар мэкъумэш Іэнатіэмкіэ, промышленностымкІэ, уеблэмэ туризмэмрэ зыгъэпсэхупІэхэмрэ зэрызужьыныжмкІэ зэфІэкІ дыззриІэрщ.

Мусуков Алий къыхиГъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр къэзыІэт унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм мэкъумэш хозяйствэр зэрращыщыр, къапщтэмэ валовэ щІыналъэ продуктым и Іыхьэ щанэр абы къыхэзрагъэпэщыр. Апхуэдэуи Правительствэм и Унафэщім дыщІигъуащ республикэм и промышленнэ Іуэхущ Іапіэ зыбжанэ Урысейм щыпашэхэм зэращыщыр. Абыхэм налмэсым къыхэщІыкІа Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщІагъэкІ, радиоелектроникэ хьэпшыпхэр, медицинэ техникэ нэхъ гугъуэхэр, светодиод зыхэлъ светофорхэр, нэгъуэщІ куэди ящІ.

- Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ Іуэхущ Іапіэхэм Тулэ областым ирагъашэ къыщІагъэкІ рентген Іэмэпсымэхэмрэ кабель кІапсэхэмрэ. Дэ дыхьэзырщ абы и хьэрычэтыщІэхэми дадэлажьэну, псом хуэмыдэу зыгъэпсэхупІэхэр, узыншагъэр щрагъэфІакІуэ центрхэр а щІыналъэм щыпхуэзнымкІэ, мэкъумэшхэкІэр щахъумэ Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьыгъэр зэтеублэныжкІэ, - жиІащ республикэм и унафэщІым. - КъыхэзгъэщІыну сыхуейт, дэтхэнэ щІыналъэми дежкІэ нэхъыщхьэр абы зегъэужьыным ахъшэ хэзыльхьэфынухэр къызэзыришэлІэн Іэмалхэр зэрыгъэрар. Къэбзгъэльагъуэмэ, иужьрей илъэсищым къызэрапщытамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхьыхьащ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм ящыщу инвестицэ Іуэхуэхэм зыщыщыжьа нэхъыфІи 10-м. Абы къыхэкІыу мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, туризмэм ехьэхуэ инвестицэ проекти 5 Тулэ областым къыхуэдгъэльэгъуэфынуц. Сыщогугъ купщІафІэу дыззэдэлэжьну.

Тулэ областым и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Миляев Дмитрий бысымхэм фІыщІэ яхуищІащ къыззэрырагъэблэгъам папщІэ. «Дэ гуапэщ нэхъ гъунэгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрыр къыззэрытцІыхуар. Ди гупым хэтщ хьэрычэт Іуэхум, узыншагъэр хъумэным, туризмэм, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми щылажьэхэр. Си гугъэмкІэ, ди щІыналъэхэр сыт хуэдэ унэтІныныгъэкІи дызэдэлэжьэфынущ. Здгъэльэгъуащ Налшык къалэм дэт Сабий творчествэмкІэ «Дыгъэпс къалэ» академиемрэ Перинатальнэ центрымрэ икІи жысІэфынущ ахэр зэрыдгъэщІэгъуар. СызэреплъымкІэ, лъэныкъуитІми ди къалэн нэхъыщхьэр щІыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьныгъэр зэредгъэфІэкІуэныгъэр, абы дегугъунущ», - жиІащ Миляевым.

ХьэщІэхэр ирагъэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэфІагъэкІ инвестицэ Іуэхуэхэм теухуауэ яГэхъэзыра видео кІэщІым. Абы и ужькІэ, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщім и ящэ къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Говоров Сергей щхьэхуэу тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэшыщІэм зэрыщІэзрагъэужь Іэмалхэм. Абы жиІащ 2017 гъэм а Іэнатіэм сом мелард 46,2-рэ и уасэ къызэрыщІигъэкІар, ар 2014 гъэм ельытауэ процент 13-кІэ зэрынэхъыбэр. Апхуэдэуи къэпсэльащ къыхигъэщащ илъэситІ хъуауэ гъавэу тонн зы мелуаным щигъу къызэзырэхьыр. Абы дыщІигъуащ жыг хадэ гъэкІынми республикэр зэрехъулІэр.

Тулэ областым и Сату-промышленнэ палатэм и унафэщІ Агафонов Юрий жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщІагъэкІ Іэмэпсымэхэр гъэщІэгъуэн зэращыхъуар, апхуэдэуи нартыху гъэкІынымк ехьэлІауэ я зэфІэкІхэмкІэ зэхъуэжьну зэрагуапэр. Абы къыхигъэщащ я щІыпІэм нартыхэр зэрырагъэшэнум теухуауэ зэгурыІуэныгъэ зэрыщыІэр.

Тулэ областым узыншагъэр хъумэныжкІэ и министр Третьяков Андрей къыхигъэщащ я губернатор Дюмин Алексей пщэрыльэ къыщищІу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым папщІэ медицинэ Іэмэпсымэ къызэрагъэщхуну сертификат къызэрирагъэхьар, ар и гуапэу бысымхэм зэраритыр.

Мусуков Алий абы фІыщІэ хуищІащ, тыгъэ лъапІэ къызэрыхуащІар къыхигъэщу. «Зэрыжыс Іащи, икъукІэ лъэныкъуэ куэдкІэ ди щІыналъэхэр зэпыпщІэфынущ. Къапщтэмэ, ди республикэмрэ Тулэ областымрэ зэрызэдэлажьэнум теухуауэ мы гъэм Сочэ къалэм Іэ зэрыщыщІэддзэрэ унэтІныныгъэ куэдым зэгъуэсу зедгъэужьыну Іэмал дыззриІэр нэрылъагъу хуауа», - жиІащ Правительствэм и Унафэщім.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Налшык

Сабийхэм гулъытэ хуащІ

Налшык дэт курыт еджапІэ №12-м къыщызэІуахащ зи узыншагъэр хуэмыхъу сабийхэм папщІэ коррекционнэ классу тІу.

АУТИЗМ, даун узыфэхэр зыбгъэдэлъ сабийуэ 8 мы гъэ еджагъэущІэм къащтащ. Ахэр зэхэмыхьэу класс щхьэхуэхэм щрагъэджэнущ. Япэ классым щыкІуэхэр гъэгъуэзэнущ школым щаджыну дерсхэм, тхэным, алыфбейм, бжыгъэхэм, плъыфхэм. Коррекционнэ классхэм къащта сабийхэр зэхэлъыкІуэкІэ ирагъэджэнущ: япэр - хэзыгъэгъуазэ илъэсу, къыкІэлъыкІуэ илъэсиплІыр пщІыдзэ школым и программмэм теухуауэ щытынущ. Дерсхэр зэрекІуэкІынур сыхьэт ныкъуэщ, абыхэм я зэхуакум цІыкІуэр ягъэджэгунущ, тренажёрхэр зыщІэт пэшым яшэнущ, психологэр, логопедэр, дефектологэр ядэлэжьэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми илъын хуейщ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

ФокІадэм и 1-м щІидзауэ КЪБР-м Почтэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІыжкІ 2019 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдэныным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкІэ къыщыдэкІыр. ДыззэригугъэмкІи, ар яІэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

ГъэщІэгъуэн куэд къывгъуэтэнущ ди газетым и къыдэкІыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуэгуанэ, спорт хьыбарыщІэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, нэгъуэщІ куэди.

Газетым Іэ щытевдзэ хьунущ КЪБР-м и почтэ Іуэхущ Іапіэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Іэ тедзапщІэр илъэс мыкъуэм сом 612-рэ кІэнпІейкІэ 78-рэ хъууэ араща.

Ди индексыр 5Т53І

Ди къуэш республикэхэм

Иугъащіэ Апсным!

АБХЪАЗ. ***Абхъазым и Президент Хаджимбэ Рауль иригъэблагъащ Приднестровье Молдавие Республикэм къикІа, ПМР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщІ Щербэ Александр зи пашэ гупыр.***

- СИ ГУАПЭУ фыкъызэгъэблагъэ хэзыгъэхуит дыззэрыхъуар къыддэзыгъэльэпІэну къэкІуа хьэщІэ лъапІэхэр. Зауэ хьэлъэм и ужькІэ дэкІа зэманым дэ ди къэралыгъуэ доухуэж. А Іуэхум мыхьэнэшхуэ щиІэщ Урысей къэралыгъуэм. Ар сэбэп мэхъу ди экономикэм фІыкІэ зихъуэжьным, социальнэ, нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэр къыдэхъулІэным ехьэлІауэ. Абы къыдэкІуэу дэ яужь дитщ къытпэщыт къалэн куэдыр дэ езым зэрызэфІэтхыжьным, - жиІащ Хаджимбэ Рауль.

Зауэ гуащІэр ТекІуэныгъэкІэ зэриухэр илъэс 25-рэ зэрырикъум, Абхъазыр зи щхьэ хущытыж къэрал зэрыхъуам и махуэшхуэм теухуа дауэдапщэхэр фокІадэм и 30-м республикэм и щІыналъэ псоми щекІуэкІащ.

Нэхъыжьхэр ягъэлъапІэ

АДЫГЕЙ. ***Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ Къумпіыл Мурат щІыналъэм щыпсэу, гъащІэшхуэ къэзыгъэщІэхэм хъуэхъу яхуиГъэхьащІэ Зи ныбжь хэкІуэтахэм я дунейпсо махуэм ириухьлІэу.***

РЕСПУБЛИКЭМ щопсэу илъэси 100 ныбжьым щхьэдэхэ нэхъыжь Іумахуэу 29-рэ. Къапщтэмэ, Тохьутэмыкъуей районым щыщ Бэрэтэр ФатІимэт Тохьу и пхъум мы гъэм и дыгъэгъазэ мазэм игъэльапІэнущ илъэси 113-рэ зэрырикъур.

ЛІэщІыгъуэм щІигъу къэзыгъэщІа нэхъыжьыфІхэм я хьэщІащ властым и Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр. Нэхъыжьхэм иратащ Адыгейм и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІ сауэтхтэмрэ дэтхэнэми хуэгъэза хъуэхъу тхыльхэмрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Саенкэ Татьянэ Виктор и пхъум и къалэнхэр и пІалъэр къэмысу щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іэхуікіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и 1 Іыхьэм и 1 пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и къалэнхэр и пІалъэр къэмысу 2018 гъэм фокІадэм и 14-м щыщІэдзауэ щхьэщыхьуэ къэлытэн Саенкэ Татьянэ Виктор и пхъум, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и щІэкІэ республикэ хэхакІуэ округ закъуэм щыхахар.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
208 гъэм фокІадэм и 27-м
№907-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 17-нэ, 22-нэ статьяхэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Бэджыдэ Мухьэмэд Хьэсэн къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэтыщІэмкІэ комитетымрэ хэгъэхьэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм фокІадэм и 27-м
№908-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Іэ иІэтыну хуиту хэтым и къалэнхэр щхьэщыхьным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іэхуікіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям и 5-нэ Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Іэ иІэтыну хуиту хэт Бондарев Николай Леонид и къуэм и къалэнхэр щхьэщыхьын и полномочиехэр имыух щыкІэ.

2. Мы Унафэр Урысей Федерацым и ХэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм егъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм фокІадэм и 27-м
№909-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Іэ иІэтыну хуиту хэтынум и кандидатурэм ехьэлІа жэрдэмхэр къызэрыІахым теухуа хъыбарегъащІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Іэ иІэтыну хуиту хэтым и полномочиехэр имыухыу и къалэнхэр зэрыщхьэщахам къыхэкІыу, «Урысей Федерацым и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ яІэ хуитыныгъэхэмрэ референдумхэм хэтыну зэрыхуитыныкІи шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ Законым и 23-нэ статьям и 5-нэ, 6-нэ, 9-нэ пунктхэм, 29-нэ статьям и 11-нэ пунктым япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къэІыхьын щІедзэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Іэ иІэтыну хуиту хэтынум и кандидатурэм теухуа жэрдэмхэр.

Жэрдэмхэр къыІахынущ 2018 гъэм жэпуэгъум и 18 пщІондэ. Къагъэлъэгъуа кандидатурэхэр къызэрыхалъхьэм теухуауэ зыхуеину материалхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм ирагъэхь мы хэщІапІэмкІэ: 360028, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 27.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламент.

● «Си Лашынкъей - си унэ, си псэ» фестивалым

Иугъащ!э Адыгэ фащэм и махуэм!

Адыгэ фащэм и махуэр ягъэлъапІэу «Си Лашынкъей - си унэ, си псэ» фестивалым щІэту зэныбжьэгъугъэм и дунейпсо фестиваль фокІадэм и 30-м екІуэкІащ. Гуфіэгъуэ зэхыхьэр теухуат Тохъутэмыщей жылэр къызэрыунэхурэ илъэс 600 зэрырикъум. А Іуэхугъуитіыр адыгэ ныпыр лъагэу зыфІэдза Лашынкъей бгыщхьэм и деж Іэтауэ щагъэлъэпІащ. Мы зэхыхьэм кърихьэлІат Шэшэным, Ингушым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Абхъазым, Осетием, нэгъуэщІ щІыналъэхэм къикІа уэрэджыІакІуэхэр, къэфакІуэхэр.

ФЕСТИВАЛЫМ кърихьэлІахэм фыщІэ яхуищІу захуигъэзащ къуажэм и щІыпІэ администрацэм и тхьэмадэ **Хьэгъажей Хьэсэн**. Абы къыхигъэщащ «Си Лашынкъей - си унэ, си псэ» зыфІаща мы зэхьэзэхуэм мыхьэнэшхуэ зэрилэр, сыту жыпІэмэ, апхуэдэ зэхуэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэр зэрызэкъуагъэувыр, я щэнхабзэр зэрызэпащІэр. Мыр хабзэ дахэ яхуэхъуу, гъэ къэси мыпхуэдэ зэхьихьэхэр зэхашэныр зэрыфІэигъуэр. Щэджэм щІыналъэм щІыпІэ самоуправленэмкІэ и советым унафэщІ **Уэдыжь Хьэсанш** жиІащ мы гуфІэгъуэ дахэр щекІуэкІ жылэм дэсхэр сыт щыгъуи ефІакІуэу псэуну, нобэ ягъэлъапІэ адыгэ фащэмрэ Лашынкъейрэ я махуэр зыІэтхэр узыншэну зэригуапэр икІи щІэгушхуэн, адыгэ хабзэр, нэмысыр зыхъумэфын щІэблэщІэ куэд жылэжьым щыпсэухэм къащІэхъуэну ехъуэхъуащ. Апхуэдэуи, абы къызэрыхигъэщащи, адыгэ фащэм ныбжьышхуэ иІэш. Ар адыгэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ куэдми лъэпкъ фащэ яхуэхъуащ. Урыс пащтыхьми фІэфІу зэрихьэу щытащ ди фащэр. Ди лъэпкъ фащэр дгъэкІуэд зэрымыхъунур, дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми ар илъын хуейуэ къызэрилъытэр къыхигъэщащ Уэдыжьым.

Мы зэхьихьэ дахэр гукъэкІ зыщІу къэзыхьэжьа Хьэгъажей Хьэсэнрэ Бейтыгъуэн Іэуесрэ я мурадыфІэр къайхъулІэну зэригуапэри къыхигъащащ Уэдыжьы Хьэсанш.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ **Бырсекъуэ Орфан** фащэм и махуэр мы дунейм адыгэу тетым я махуэу къэплъытэ зэрыхъунур, апхуэдэуи ди лъэпкъым нэщхьеягъуэрэ гузэвгъуэу куэд илъэгъуами, дяпэкІэ адыгэм и гъащІэр гуфІэгъуэкІэ гъэнщІауэ, ефІакІуэу псэуну зэрихьэлъапІэр жиІащ.

Махуэшхуэм кърихьэлІахэм, Тохъутэмыщей къуажэжьым щыпсэухэм фІэхъус гуапэкІэ захуигъэза нэхъ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщіэ Мухьэмэд** и махуэмрэ ди къуэш абхъазхэм я гуфІэгъуэмрэ зэрызэтехуар Іэхугъуэ тІуащІащ. Мэшбащэм и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдыр мыбдежым дигу къэмыкІыжынкІэ Іэмал иІэкъым: «**Адыгэ фащэр сэ схуадами, Кавказым ис псоми яй ар хъуащ**». Абыкіэ жысІэну сызыхуейращи, догушхуэ Іэщэ-фащэ, шы лъэпкъ, Іэмэпсымэ, хабзэ-нэмыс жыпІэми, дэ дыдейуэ адрей лъэпкъхэм къащтэн, щапхъэ щІыттрахын куэд дызэриІэм.

Хасэм и тхьэмадэм къэпсалъэныгъэм иужькІэ, Лашынкъей дэт музейм тыгъэ хуищІащ сурэт зыбжанэ. Абыхэм ящыщу генералиссимус Черкасский Михаил, Кардэнгъущ Зырамыку сымэ тращІыкІа сурэтхэр. Урысейм и Артийскэ комитетым и вице-президент **Бейтыгъуэн Іэуес** кърихьэлІахэм фІыщІэ яхуищІащ зэхьихьэ дахэр Лашынкъей яхуажэм къызэрыдаІыгъам папщІэ.

Зэхьихьэр ягъэдхащ КъБР-м и цІыхубэ артист Къуэдз Абубэчыр, КъБР-м, Ингушым Республикэм, Осетие Ипщэм щІыхь зиІэ я артисткэ Даур Иринэ, КъБР-м и Музыкэ театрым и артисткэ КІэрэф Иннэ, Абхъаз щІыналъэм и уэрэджыІакІуэ Пкин Сабинэ, ХьэхъупащІэ Заур и гъэсэн «Дыгъэшыр» сабий къэфакІуэ гупым, Шэшэным, Ингушым, Осетие Ищхьэрэм, КъШР-м къикІа къэфакІуэхэм, уэрэджыІакІуэхэм. Апхуэдэуи я зэпеуэ дахэхэмкІэ утыкур ягъэбжьыфІащ Урысейм щІыхь зиІэ и тренер Бейтыгъуэн Руслан зи гъэсакІуэ спорт школым къежьащ ныбжьыщІэхэм.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Осетин пщащэхэр къофэ.

● ЕхъулІэныгъэ

Щомахуэ Руслан и текІуэныгъэ

Фокіадэм и 25-28-хэм Москва щыізэхэтащ хабзэ хъуауэ илъэс къэс къызэрагъэпэщ Кардиологхэм я урысей лъэпкъ конгресс. Абы хьихьэу ирагъэкІуэкІа Урысей щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я зэпеуэм япэ увыпІэр къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ дохутыр-кардиолог, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, Налшык къалэ дэт Центральнэ поликлиникэм и лэжьакІуэ Щомахуэ Руслан.

КЪЭПЩЫТАКІУЭ гупыр хэпльащ Урысейм и щІыпІэ кэдым къаргъэха докладхэм икІи зэпеуэм и иужьрей Іыхьэм хэтыну кьыхахар щІэныгъэлІ ныбжьыщІэу 8-щ. Зэхьихьэм и япэ махуэм абыхэм я щІэныгъэ лэжьыгъэхэр утыку кърахьащ. Гум епха узыфэхэм теухуауэ ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм ящыщу мыхьэнэ зиІэу, нэхъ пэрыту къалъытар Щомахуэ Руслан и лэжьыгъэрщ.

Зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэр зыхуагъэфэща Щомахуэм адэкІи и Іэнатіэм екъулІэныгъэхэр щиІэну ди гуапэщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Росгвардием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ управленэм и унафэщІ полковник Васильев Сергей

● Къулыкъу

Росгвардием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ управленэм и унафэщІу ягъэуващ полицэм и полковник Васильев Сергей Станислав и къуэр.

АПХУЭДЭ унафэм Іэ щІидзащ Урысейм и Лъэпкъ гвардием и федеральнэ къулыкъум и дзэхэм я унафэщІ нэхъыщхьэ Золотов Виктор.

Мы гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ абы пІалъэкІэ игъэзэщІащ Росгвардием КъБР-м щиІэ управленэм и Іэтащхьэ къулыкъум и къалэнхэр.

Васильев Сергей Челябинск къалэм къыщалъхуащ, щхьэгъусэ иІэщ. 2002 гъэм къиухащ Ростов дэт Урысей МВД-м и юридическэ институтыр. Хабзэхъуэ Іэнатіэхэм ильэс 25-рэ хьуауэ къулыкъу щещІэ. 1993 гъэм щыщІэдзауэ хэтащ МВД-м Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щиІэ подразделенэ щхьэхуэхэм, зэщІэгъэуІуа щІэпхъаджащІэхэм ебэныныжьмкІэ оперуполномоченнэм щегъэжьауэ Росгвардием КъШР-м щиІэ къудамэм псынщІэу зэщІэгъэуІуэныжьмкІэ гуп хэхам и унафэщІым нэсыху.

«Хэкум щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и медалым и япэ, етІуанэ нагъыщхэр, «ЛІыхъужьыгъэм» и орден дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ. ОВД-м щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, Къэрэшей-Шэрджэсым щІыхь зиІэ и юристщ.

● ФщІэн папщІэ

Сом мелуани 5-м щІигъу япшынащ

Зэратх Іэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, фокІадэм и 15-21-хэм къриубыдэу гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр 16486-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ траллъхьащ сом мелуан 10-рэ мин 376-рэ. А махуэхэм къриубыдэу сом мелуани 5-рэ мин 596-рэ, траллъхьам и процент 53-р, япшынащ.

КЪУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фІагъэкІамэ, Іуэхур Суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статья) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитІкІэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ.

Къуэды птелъэ-птемыльрэ къащыпщІэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м фигу къегъэкІыж:

- рулым дэсхэм гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр уэим фымыщІ!
- административнэ къуэдыхэр и чэзум фыпшын.

БАХЪСЭН Ланэ.

ІэщІагъэм трагъэгушхуэ

● Зэхыхьэхэр

Туризмэм и дунейпсо махуэр, фокІадэм и 27-р, гукъинэжу, гъэщІэгъуэну щагъэлъэпІащ Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ЕджапІэм и пресс-Іэнатіэм хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, а махуэм университетым кърагъэблэгъащ республикэм и курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щеджэ ныбжьыщІэхэри.

«ТУРИЗМ», «Гостиничное дело» Іэщ!агъэхэм хуеджэ студентхэм махуэшхуэм кърихьэлІахэм папщІэ Іуэхугъуэ хьэлэмэт куэду зэхэт программэ ягъэхьэзырат. Абы къызэщІиубыдэрт лекцэ купщІафІэхэр, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, мастер-класс гъэщІэгъэнэхэр, саугъэт зэхуэмыдэхэр. Университетым и студентхэми хьэщІэхэми а махуэм къащІащ туризмэм епха Іуэхугъуэ хьэлэмэт куэд. Апхуэдэхэт, къапщтэмэ, зыхуэгъэпсэ Іэщ!агъэр гъащІэ гъуэгуанэ ящІыну.

ЕхъулІэныгъэ щыІэ щІыналъэ щІыпІэ щыщ Къуэрэшей-Шэрджэсым и Парламентым и депутат Бэджыдэ Мухьэмэд Хьэсэн. Абы щІэныгъэ зэрыщІэныгъэм и ныбжьыщІэ, Лашынкъей дэт музейм тыгъэ хуищІащ сурэт зыбжанэ. Абыхэм ящыщу генералиссимус Черкасский Михаил, Кардэнгъущ Зырамыку сымэ тращІыкІа сурэтхэр. Урысейм и Артийскэ комитетым и вице-президент **Бейтыгъуэн Іэуес** кърихьэлІахэм фІыщІэ яхуищІащ зэхьихьэ дахэр Лашынкъей яхуажэм къызэрыдаІыгъам папщІэ.

Зэхьихьэр ягъэдхащ КъБР-м и цІыхубэ артист Къуэдз Абубэчыр, КъБР-м, Ингушым Республикэм, Осетие Ипщэм щІыхь зиІэ я артисткэ Даур Иринэ, КъБР-м и Музыкэ театрым и артисткэ КІэрэф Иннэ, Абхъаз щІыналъэм и уэрэджыІакІуэ Пкин Сабинэ, ХьэхъупащІэ Заур и гъэсэн «Дыгъэшыр» сабий къэфакІуэ гупым, Шэшэным, Ингушым, Осетие Ищхьэрэм, КъШР-м къикІа къэфакІуэхэм, уэрэджыІакІуэхэм. Апхуэдэуи я зэпеуэ дахэхэмкІэ утыкур ягъэбжьыфІащ Урысейм щІыхь зиІэ и тренер Бейтыгъуэн Руслан зи гъэсакІуэ спорт школым къежьащ ныбжьыщІэхэм.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Ухуэныгъэхэр зэрекІуэкІымрэ псэуалъэхэр зэрызэрагъэпэщыжымрэ кІэлъоплъ

КъБР-м ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ гъэзэгъ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Гъэсашэ Жамбулэтрэ министрым и чэнджэщэгъу Бэлагъы Борисрэ я гъусэу Бахъсэн районым и администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур кьипщытащ щІыналъэм псэуалъэ зыбжанэ ухуэным и Іуэхур здынэсар.

● Бахъсэн щІыналъэ

КЪУБЭ-ТЭБЭ къуажэм щепІъахэщ уэрам нэхъыщхьэм тет псэупІэ унэшхуэхэм я пщІантІэхэр зэІуэпэщ щІыным теухуа лэжьыгъэхэр зэрыкІуэкІым. Ахэр щахынну пІалъэхэр яубзыхуащ.

ИужькІэ къуплькъуущІэхэр щыІащ Къуэлъкъужьи Ипщэ къуажэм. Абы Щэнхабзэмкіэ и унэр блэкІа лІощІыгъуэм и 60 гъэхэм ящІауэ щытащ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, жьы хьуащ: унащхьэм псы кьыпхокІ, блынкэр къэчащ.

Иджы унащхьэр пкъыгъэущІэхэмкІэ зэрахъэкІынущ, пэш кІуэцІхэри ягъэщІэрэщІэнущ. Унэм и гупэр плиткхэмкІэ кьращІыкІынущ, абдеж щыхасэнущ щхъыантІагъэхэр, щагъэувынущ уэздыгъэхэр щыфІадзэну пкъохэр.

ЧЫЛАР Аринэ.

ІэщІагъэм трагъэгушхуэ

● Зэхыхьэхэр

Туризмэм и дунейпсо махуэр, фокІадэм и 27-р, гукъинэжу, гъэщІэгъуэну щагъэлъэпІащ Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ЕджапІэм и пресс-Іэнатіэм хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, а махуэм университетым кърагъэблэгъащ республикэм и курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щеджэ ныбжьыщІэхэри.

«ТУРИЗМ», «Гостиничное дело» Іэщ!агъэхэм хуеджэ студентхэм махуэшхуэм кърихьэлІахэм папщІэ Іуэхугъуэ хьэлэмэт куэду зэхэт программэ ягъэхьэзырат. Абы къызэщІиубыдэрт лекцэ купщІафІэхэр, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, мастер-класс гъэщІэгъэнэхэр, саугъэт зэхуэмыдэхэр. Университетым и студентхэми хьэщІэхэми а махуэм къащІащ туризмэм епха Іуэхугъуэ хьэлэмэт куэд. Апхуэдэхэт, къапщтэмэ, зыхуэгъэпсэ Іэщ!агъэр гъащІэ гъуэгуанэ ящІыну.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Дифі догъэлъапіэ

Уэрэд щІаусщ

Иджыблагъэ зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуа тхакІуэ, критик, егъэджакІуэ, Іэзэ Къэжэр Хьэмид къыщалъхуа бжьыкьэр езым и гъащІэм хуэдэу къулейщ, зэмыфэгъущ, гъэщІэгъуэнщ.

Къэжэр Хьэмид

КЪЭЛЪЫТЭГЪУЭЙЩ абы литературэр фІыуэ зригъэлъагъуфа ныбжьыщІэхэм я бжыгъэр. Си анэри сэри хамэ къэрал литературэм и дуней тельыджэм дыхэзышар Къэжэрыщ. Дэ тхуэдэхэри мащІэкъым.

ГъащІэм и пщэ къыщыдэхуэ кьалэн псори кьанэ щымыІэу зыгъэзэщІэфыр зырызщ, псом хуэмыдэу тхакІуэхэм. Хьэмид щІэныгъэми, творчествэми, унагъуэми, щІыхуэми яхурикъуа щІыхущ, а уэнтІныныгъэ посми абы щыІэфІиха лэжьыгъэ иным щхьэхуэу утепсэлъыкьыныри кье- щІыгъуэ, лъэпкъым и Іэхум иригъаззэрэ итІанэ Іэзху ищІэущ», - жеІэ филологие щІэныгъэхэм я доктор Гъут Іэдэм.

1938 гъэм Хьэмид къыщалъхуащ Бахъсэн щІынальэм хыхь Ислъэмей жьлэжьым. Курыт еджапІэр кьиуха иужь, Хьэмид щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. 1962 - 1965 гъэхэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ кафедрэм и аспирантурэм щІэсащ. ИлъэситІ нэхъ дэмыкІыуи, абы и и кандидат лэжьыгъэкІ. 1967 гъэм абы лэжьэн щыщІедзэ Зеикъуэ дэт курыт еджапІэм урысыбзэмрэ литературэмкІэ щыигъэджакІуэу, занщІэу ирагъэблагъэщ КъБКъУ-м и филологие факультетым урыс литературэмрэ хамэ къэрал литературэмкІэ и кафедрэм. Абы илъэс 36-м щигъукІэ щригъэджащ.

Хьэжэр Хьэмид литературнэ критикэм къыхьыхьауэ жыпІэ хъунущ етІуанэ курсым щыщІэса илъэсхэм щыщІэдзауэ. Абы и япэ художественнэ тхыгъэ кІэщІыр, «Псалъэрэ Іэзхуэр» зыфІищар, 1959 гъэм «Ленин гъэзэг» газетым тетащ. 1962 гъэм и япэ критическэ тхыгъэр «Іуащхьэмахуэ» журналым къытехуауэ щыташ. Критикэ лэжьыгъэ мытынымкІи, фІыщІэнэшэм зезыпщытынур литературэм хуэгумыгъуэ зырызхэращ. (Литературэм хуэгумыгъуэ дызэримыІэр арагъэнщ, нобэкІэ критикхэр дыщімащІэр). Хьэжэр Хьэмид критикэ узынщэ зыщІыфхэм ящыщщ, абы и псалъэхэм тхакІуэр яужьыгуркъым, и гур къимыкьэжьну ирадыркъым, гъуэгугъэльагъуэ яхуохъу армыхъумэ.

Критикэ лэжьыгъэхэм я мызакъуэу, абы и кьалэмыпэм кьыщІэкІащ лъэпкъ литературэм уяІупІэ щыхьэуэ щыхьэбыд тхыпІэ зыбжанэ. Апхуэдэщ: «Гъэугум и бгъуагъ», «Усищэрэ зырэ», «Гъатхэпежьэ», «Гъатхэм и гъэ», «Нобэ», «Иджыпсту» усэ тхыпІэмрэ, литературэ портретхэр зэрыт «Уэрэд щІаусыр» лэжьыгъэмрэ. А и Іэдакъэщ1кІ купщІафІхэм я щыхьэту Къэжэрыр 1991 гъэм УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгъэхьэныгъэм хагъэхьащ.

«Хьэлэмэтщ Къэжэрым и усыгъэхэм гу зылъыста мыпхуэдэ Іэхуэгуэрэр. Ар и лэжьыгъэкІэ фІы дыдэу зыхэгъуазэ европей УэзщІыныгъэ лъэхъэжьм и щыпкъэу литературэм кьыхэщыжьымрэ адыгэ лъэпкъым кьыдекІуэкІыу лІыфІ нэщэнэ идеалхэмрэ куэдкІэ зэщхьу кьыщІокІ. Зэмыщхьуи дощІри, Хьэмид и поэзием а ІэхуэгуэитІри щызэхэухуэнащ. Зы лъэныкъуэкІэ уеплъмэ, абы и усэхэр темэрэ идеекІэ пасэрей европей усакІуэхэм я Іэужьхэм яподжэж. Ауэ я образ уэздыкІэр, лІыхъужьхэм я психологиер, гъащІэм зэрыхущытыр кьызыпкъырыкІыр адыгэбзэм и дуней мрэ адыгэ Іуэху зекьэжІэмрэщ, - Псом хуэмыдэу Къэжэрым и усэкІэр европей литературэу зригъаджэм куэдкІэ зэпыпыщІар наІуэу къаходж абы и балладхэхэм. Хьэмид и балладхэхэр классикэр тепщэу щыщта лъэхъэнэм абы жанр гъэнахуэу иІахэм тету зэхэлъхьащ. АбыкІэ нобэрей адыгэ усакІуэм усыгъэ теплъэ и Іуэхуэ кІэ гъуаззэу щытыпхъэхэр дигу къеГъэкІыжри, ди зэманым къРегъэззГъыж.

Хьэмид и балладхэм яхэтщ удэзыхьэх сюжет гъэщІэгъуэныр лъабжьэу, бзэ зэрытхар гъэхуарэ шэрыуэу, идеекІэ пэжыгъэм, лІыгъэм, хабзэ дахэ зехьэныем хуэузэдауэ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, «Налкъут щхъуантІаФэр», «Гъэунэхуп1эр», «Псалъэ зеиншэхэр», «Щ1егъуэжар», «Медан лъапІэ», нэгъуэщІ балладэхэри.

Дауи, жыпІэ хъунущ усакІуэ щІэныгъэлІым къыхиха жанрымрэ и тхыльеджэ хъунухэмрэ нэуфІыщІхьэрыуэ къигъэтауэ. Арщхьэкіэ сэ Къэжэрыр илъэс плыщІым щІигъуауэ зэрысцІыхур и щхьэ Іуэху щІиузащІым деж и щхьэмрэ напэмрэ кьезэгъыныр зэпилъыту, зыхэт гупым, жылагъуэм, лъэпкъым и Іэхум иригъаззэрэ итІанэ Іуэху ищІэущ», - жеІэ филологие щІэныгъэхэм я доктор Гъут Іэдэм.

«Хьэмид мы гъэ еджэгъуэм щыщІидзэжым университетым кьыдэкІыжакъым, щылэжьа и кафедрэри нэгъуэщІым хагуэшэжащ, сэ абы сронэщхьэй. ФилологиемкІэ институтым и утым «Уэркъ щІэзекІуэжьыркъым», - псалъэ гугъуэзагъэхэр щетх филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Бакъ Зерэ Къэжэрым теухуауэ ди газетым тета тхыгъэхэм ящыщ зым. Уэрэхьыгъэм щиухьыркъым Къэжэрым и «Дунейр». Ар дунейпсо литературэм, щэнхабзэм, гъуазджэм и фІыпІэр щызэхэухуэна, акъыл инрэ щІэныгъэ куурэ зыбгъэдэлъ щІыхущ. Езым хуэдэ куэдми ещхьу абы и сабиигъэр зэман хьэлъэм хиубыдами, интеллигент нэсым и мызакъуэу икъусыкъужкІэ щІыху нэс кьыхэкІащ. А и щІыхугъэ нэсыр къэзыгъэлъагъуэ Іуэхугъуэ зыбжанэ илъэс Іэджэ дэкІыжауэ ар зыхуищІахэм сэтей къащІыж.

«Хьэмид къыдэлажьэ лІыфІ дахуэха хъуат. И лэжьапІэми Іуагъэкіауэ, и унагъуэри зыхэпсэуКІын мыльхуи бгъэдэмыльу къэнат лІы хъарзынэр. Апхуэдэм деж, зэрытщІэщи, ныбжьэгъуу щытахэм я нэхъыбэри пощэщыж, благъэ дыдэхэми «уаІэщІэгъупщкІрей» мэхъу. А щытыкІэ дыдэм ит лІым и деж махуэ гуэрым Хьэмид макІуэри жреІэ:

- Уэ, шынэхьыжь, уи Іуэхур зыІутыр слъагъу щхьэкІэ, зыри зэрыслъэмыкІым си гур зэрегъэшх. Щхьэрыгъажэ умыщІынумэ, мыгъэрей хэхъуэ си пщІэнтІэпсКІэ къэзлэжьам мы тІэкІур къыпхуэхсхащи, зумыусыгъэджу сІых, уи бынунагъуэр зэ закъуэ нэхъ мыхъуми я ныбэ изу къигъэшхэнщ.

Ар жиІэщ, мазитІ улахуэ хуэдиз ахъшэ Іэщ1ылъэри къыщІэкІыжащ», - етхыж Гъут Іэдэм Хьэмид зыдэІэпыкъуэуэ щыта лІым къыхуиІуэтэжа хъыбарыр. Апхуэдэу, Кьэжэрым и цІыхугъэ щІалэщІэ Москва щеджэрт. Ар кьызыхэкІар унагъуэ хуэщІатэкІыми щІалэм тхылъ кьызэрищэхун ахъшэ лей зэи иІыгъэкъым. Ар абы къыщищІэм, щІалэр имыгъэкІыгъэн хуэдэу хэкІыпІэ дэгъуэ къигъуэтащ. «Ди зэхуэдэу тхылъхэр къэпщэхунщи, уэ уеджэмэ, сэ иужькІэ кьызэптыжынщ», - жеІэри пІалъэ-пІалъэкІэ Москва ахъшэ иригъэхьу щІидзащ икІи щІалэм еджэныр иухьху абы щІэгъэкъуэн хуэхъуащ. Модрейм, дауи, тхылъ къыщищэуи щыІащ, кьиущэху-кІимыщэхуми, и жыпІэм зы сом лейуэ илъащ абы и фІыгъэкІэ. Апхуэдэр мыльку лей зиІэм кьыщыхуищІэм дежи гуапэщ, ауэ еныр фэтэр хьэху щІэсу, унагъуэ игъэпсэуэн хуейуэ, зи улахуэри къэралым кьызыхупІпІытыкІэхэм ящыщу ар зыхуэфэщэну щІыІэр цІыхугъэ лъагэкІэ Тхьэр зыхуэупсахэм я закъуэщ.

Дохъуэхъу ди нэхъыжьыфІым, иджыри илъэс куэдкІэ узынщэу ди япэ итыну!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● ЖыІэгъуэхэр

Дыгъэм гъуэгу къуаншэ имыщІэ - арщ щІэмыкІуэщІыр и гуащІэ

Адыгэ псалъэр гуащІэщ - хы къыкІуэцІокІ зы мащІэм.

Акъыл имыІэми, къылыкъу иІыгъщ Ахьмакъым и гъэшыр и бийщ.

Ар япэщІыкІэ яГъэтІысри, итІанэщ стІолыр щагъэувар!

Ахъшэ зиІэм и Іэр кІыхьщ.

Вэгъуэм мэгъуКІэ, сэгъуэм мэкІыщтэ.

Гугъэм нэхърэ нэхъ фІыгъуэ щІэин щыІэу уимыгугъэ.

Гугъэр гъатхафэщ.

Гугъэм губгъэн хэлъкъым.

Гугъу дехьми, гуэныхь къэдмыхьу. Гъагъуэм и закъуэ къафэ иримыкъу.

Делэхэми цІэрыІуэ къаходкІ.

Ди хабзэ зэпыльэтри, ди Дыгъэм дыркъуэ тридзи.

Дыгъэм гъуэгу къуаншэ имыщІэ- арщ щІэмыкІуэщІыр и гуащІэ.

Езыр псэуКІэмыщІэми, Іупщ1э яхуещІ нэгъуэщІхэм.

ЕщІэм зытрегъащІэ. ЖепІэжамэ и щыуагъэр - шыгъу утепкІутаи уІэгъэм.

Зи Іуэху нэхъ хуэмыхъум анэгур нэхъ хуэмыгъуэщ.

Зы бын зыхуэмыгъасэр нэхъыжь гъэсэнкІэ Іэзэщ.

Зи гур фІыщІэм жыІи пэт и фІыщІэ!

Зэ щІэпхъуати, хьэ къепхъуат!

ЖыІэ - щІэ нэхърэ фІы - щІэ.

ЖыпІэу: «Дзыгъуэ хэсщ!» - хьэсэр умыгъэс.

Жагъуэу плъагъум и дагъуэр Іэгъуэу щылъу къыбощтэ.

Еджар гъуащэрэ!..

Дыгъуасэ ауэ ептар нобэ лъапІэу къуещэж.

Далъэ зи хабзэ убзэ хозагъэ.

Ахъшэри зейм ещхьщ.

Бжьэ илъэгъуаиэ, щІым щІопщхьэ, фор щымыІэ зыхилъхьэ.

Губжьым ушэсу Хасэ умыкІуэ.

Гурыщхъуэм щІэщхъу ущигъэщІэнкъым.

Гупсысэ зимыІэм жиІэн и куэдщ.

ЗыгъэгуфІэр нэхъ лъэщщ.

Къыхэпхын папщІэ узыхэдэн уиІэн хуейщ.

Къомыдаіуэм узэхихыркъым.

Къэралыгъуэр лІыфІхэм яхуэ, лІымыхъухэм якъутэж.

Нэхъ лъагэу дращІеяр нэхъ щІэхьуу къольэлъэхыж.

Псы Іуфэм щыпсэухэми есыкІэ зымыщІэ къахокІ.

Псалъэ Іэфіыр фо кІадэ пошачэ.

Тетыр хъумэ, Іэхъуэми зыхещІэ.

КЪЭЖЭР Хьэмид.

Институтым къыдэлажьэхэр.

шэрджэс Мухьэмэд:

Сызэплъу хъуам нэ лейкІэщ сызэреплъыр

Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэхэм, УФ-м и Театр лэжьакІуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, Кавказым и Академием и действительнэ член-академик, Урысей Артиадэм тІэунейрэ и лауреат, ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и режиссёр къудамэм и унафэщІ Шэрджэс Мухьэмэд «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм къытхуеблэгъащ. Ди псэлъэгъуэм къыджиІахэм фыщыдогъэгъуазэ.

- Режиссёр Іэщ1агъэр дауэ къыхэпха хъуат, Мухьэмэд?

- Сызэрысабийрэ сценэм ситыну, художественнэ тхыгъэхэм, псом хуэмыдэу гушыІэжаным щыщхэм, седжэну сфІэфІт. Курыт еджапІэм и 7 - 8 классхэм сыщыщІэсам нэхъ сыдихьэхащ а Іэхуэм. Школ нэужьым зы илъэскІэ сылажьэри, илъэситІкІэ дзэм къулыкъу щысщІащ. 1970 гъэм къыщызгъэзэжам Москва ГИТИС-м и актёр къудамэм еджакІуэ игъэкІуэну адыгэ студиер кьыкахьу сыкърихьэлІэжащ. Абы дыхэхуащ Къэжэр Борис, Фырэ Руслан, КІэмыргуей Валентин, Балъкъэр Юрэ, Мэшыкъуэ Феня, Щэрмэт Людмилэ, Хьэмыку Жаннэ сымэ, нэгъуэщІхэри. 1975 гъэм адыгэ студием и актёр щудамэр къэдухри гупым къэдгъэзэжащ. Режиссёр Іэщ1агъэм сыдихьэхати кьызэрыдгъэзэжу си тхыльхэр зГъэхьэзырри аргуэру а еджапІэм и режиссёр къудамэм сыщІэтІысхьэжащ. Иужькіэ театр курс нэхъыщхьэхэр къэзухащ. Къапщтэмэ, нобэр къыздэсым си щІэныгъэм зэрыхэзгъэхъуэнум иужь ситщ, сыту жыпІэмэ щІалэгъуалэр щебгъадэжкІэ махуэ къэс жыхуаІэм хуэдэу ухуейухуэмейми уэри а Іэщ1агъэм зэрызиужьым, абы кьыхэхъуэ щІэхэм зыхэбгъэгъуэзэн хуей мэхъу.

- Зэгуэр театр утыкум хуэкІуэ гъуэгум ухуэзыша актёр Іэщ1агъэм, дауи, ухуэхамэкъым. Абы урилэжьэну, театр спектаклхэм ущыджэгуну ухъуапсэркъэ?

- Пэжыр жысІэнщи, нобэр кьыздэсми сохъуапсэ, ауэ сэ сызэплъу хьуам нэ лейкІэщ сызэреплъыр. Дышеджэ зэманым щыщІэдзауэ дэр-дэру пычыгъуэ гуэрхэр щыдгъэзыкІэ лІыхъужьым и ролыр щигъэзащІэкІэ Іэмал имыІэу зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр хэслъхьэну сыхуежьэрт. Иджыри артистхэм я джэгукІэм сыкІэлъыплъыну, си Іуэху еплъыкІэхэмкІэ садэгуэшэну сфІэфІщ. Дэнэ сыщыІэми, сыт хуэдэ Іэнатіэ сыІутми нобэр къыздэсым театрым сыкІуэурэ премьерэ щаІэкІэ сфІэгъэщІэгъуэну соплъ.

- Республикэм и режиссёр унэтІныныгъэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуэпщІащ. Куэдым ягу дыхьа лэжьыгъэхэр, фильм купщІафІэхэр къохъулІащ. Абыхэм укъытхутепсэлъыхьамэ арат.

- Адыгэ студиер Москва дыкъикІыжри, Щоджэнщ1ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым 1975 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м лэжьэн щыщІэддзащ. Тэщ, театрым артисту куэдрэ сыщымыджэгуу режиссёр лэжьыгъэм пасэу зестащ. Лъэпкъ театрхэм я адыгэ, балъкъэр труппэхэм сыщыІащ. ИужькІэ урыс театрым режиссёр нэхъыщхьу сыщылэжьащ. Шэджэм Ищхьэрэ къуажэм сыщыщеджам адыгэбзэ, урысыбзэ ящыщу адыгэбзэ зыщІэхэр. Аха дыгэ хабзэм зэрыщыгъуаз зэрыззэгъэщІар кьысщхьэпэжащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Къэщкъэтау къуажэм дыщыдзсам Шэрджэс унэцІэр зетхьэу ди адыгэ унагъуэр зы уэрам дытест, апхуэдэу адрей лъэныкъуэмкІэ нэгъуэщІ балъкъэр унагъуэ къыщыст, Шэрджэс унэцІэр зэрахьу.

Нэхъапэхэм къуажэхэм дыкІуэурэ документальнэ, художественнэ фильмхэр тетхьу щытащ. УсакІуэ, тхакІуэ, журналист Жылэтэкъ Сэлэдин илъэс куэдкІэ сыдэлэжьащ. Щоджэнщ1ыкІу Алий и «Кхъужьей щІагъым» Іэтэж гъуэгуанэ и лъабжьэу Сэлэдин итха сценариймкІэ фильм кІэщІ тетхащ. Абы Щоджэнщ1ыкІу Алий и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист пажэхэу Балъкъэз Валерэрэ Хьэдзэдж Борисрэ щоджэгу. Къэмокъуэ Мухьэмэд и «Лъагъунэгъэм и хьэтыркІэ» повестым Жылэтэк Сэлэдинрэ сэрэ Іыхьищу зэпыуда фильм кІэщІ къытетщІыкІащ, Хьэмырзэ Ахьмэдрэ КІэхумахуэ ФатІимэрэ щІалэ дыдэу зыхэтыр. Ар ноби телевизоркІэ зззэмызэ къаГъэлъагъуэу ущрихьэлІэ щыІэщ.

Телевиденэм илъэс куэдкІэ режиссёр нэхъыщхьэу сыщылэжьащ. Журналист Бищ1о Іэсиятрэ сэрэ (ар редактору, сэ сырежиссёру) щІэупщІэшхэ зиІэу щыта «Акъэыл жан» нэтын цІэрыІуэр жыджэгъэзкІэ едгъэкІуэкІыу щытащ. Абы хуэдэу цІыхухэр жыджэру кьызыпІэджэж нэтын телевиденэм а лъэхъэнэм диІэтэкъым. Зэпеуэм хэтхэм тхыдэ е художественнэ тхыгъэхэм теухуа упщІэхэр етыт. Ар нэхъ щІэщыгъуэу зэрыдгъэхьэзырыным апхуэдизкІэ дыхущІэкъуэрт, абы хэтыну цІыхухэр хэщІапыхьауэ кьыхэтхьэрт. Зэгуэр а нэтыным кьедгъэблэгъауэ щытащ нэгъуэщІ лъэпкъхэм (урыс, балъкъэр) ящыщу адыгэбзэ зыщІэхэр. Аха дыгэ хабзэм зэрыщыгъуаз зэрыщІэлажьэр ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъужащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, студентхэм зрагъэгъуэт щІэныгъэм гъэ хъэси зэрыхэщІым иужьрей зэманым гу лъызотэ. Я щхьэм имылъыми хуэну къащохьу, хуей щыхьукІэ иджырей Іэмэпсымэхэр, Интернет Іэмалыр кьагъэсэбэпмэ. Апхуэдэ еплъыкІэм цІыхум и акъылыр, и щхьэр игъэгупсысэркъым. Режиссёрым и гупсысэр и гъэсэхэм ейм нэхърэ нэхъ лъэгэн, щІэныгъэ нэхъыбэ бгъэдэлъын хуейщ. Лэжьыгъэр кьомыхъулІэми, абы ухущІэкъун хуейщ. ВГИК-м щылажьэ режиссёр, продюсер, документалист, профессор Калинин Виталий ди еджапІэм кьэпщытакІуэ гупым хэту кьокІуэ. Абы зэгуэр жиІат зи гугъу ящІ, сыхьэтрэ нэкъуэкІэ екІуэкІыну кхъэр зэрыхъунри зэрыщІидзэнри и пэм щыщІэдзауэ и кІэм нэс зы дакъикъэм кьриубыдэу илъэгъуауэ. Апхуэдэ гуэр щхьэкІэ пхузэмыгъэзахуэмэ режиссёр лэжьыгъэр кьохъулІэнукъым.

- Мухьэмэд, цІыхум лэжьыгъэм ехьулІэныгъэ щиІэн папщІэ абы и Іуэхуэр и щыбагъ кьыдэт и унагъуэм кьызэрыдаІыгъыр куэдкІэ зэрелъытам тепщІыхьмэ, абы и пэныкъуэкІэ уи насып кьикІащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Мэшыкъуэ Феня гъащІэ гъусэ зэрыпхуэхъуамкІэ.

- Фенярэ сэрэ ГИТИС-м дыщыІэздеджа зэманым дызэрыгъэтащ. Зы хъыджэбз диІэщи, унагъуэ хъужащ. Кьыдэкіуэтей ди пхъурылъхъэм, зы хъыджэбзрэ щІалитІрэ) дамэ къыттрагъакІэ, абыхэм я зэфІэкІхэм адэшхуэ-анэшхуэм дигу хагъахьуэ.

Епсэлъар

ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

ФІыгъуэ мылъытэ

● Гъуазджэ

Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикохэм щІыхь зиІэ я артист, лъэпкъ пшыналъэр хъумэныжрэ ар егъэфІэкІуэныжрэ зи гуащІэ хэзылъхьэ пшынауэ, уэрэдус, макъамэтх Іэзэ Лосэн Тимур иужь илъэсхэм къиргъэлъэгъуащ зэфІэкІ куэд зэрыбгъэдэлъыр, гу къабзэкІэ зыпэрыт щэнхабзэ Іэнатіэм и псэ емыблэжу зэрызэригъэужьыр, щІалэгъуалэр зэпымыууэ зэрыгригъэгушхуэр.

Лосэн Тимур

ЛОСЭН Тимур и «Бзэрабзэ» гупым и гъусэу иужьрей илъэсхэм пшыхь щІэщыгъуэхэр зэхеублэ, и лэжьыгъэхэр зигу дыхьэхэр, пшыналъэхэмрэ макъамэхэмрэ фІыуэ зыльагъуэр куэду къришалІэу. Пшынауэ, бэрэбэнауэ, Іэпэпшынауэ, бжьамиященщ, уэрэджвІакІуэ ящІэпІэми къызэщІэзыубыдэ гупым и пшыхьхэм лъэпкъ пшынбзэр зи псэм хэльхэм я гукъыдэжьым куэду хигъэхъуэнкъэ?! КъыхэгъэщІпхъащ, гупым хэт щІалэгъуалэм я щІэныгъэм зэпымыууэ зэрыхагъахъуэр, я зэфІэкІыр нэхъри зэрырагъэфІакІуэр.

Адыгэм и тхыдэр къызыхэщ лъэпкъ макъамэкІэ гъэнщІауэ Лосэным кыз-зэригъэпэщ пшыхь гукъинэжхэм я утыкур игъэбжьыфІэ республикэм и уэрэджвІакІуэ щІорыІуэхэми, утыку ихьагъащІэхэми. Апхуэдэхэщ Лий Аслъэн, Тхъэгъэлэдж Сверт-ланэ, Хъыжьрокъуэ Сулътіан, Бэчхэ Аэзэмэтрэ Ренатэрэ, ДыщэкІ Артур, ПащІэ Алим, Тхъэкіумащіэ Аслъэн, Гуаэз Тимур, Зекіуэрей Аэзэмэт, Дэгу Каринэ, КІыщхэ Исльамрэ Каринэрэ, Жькъунхэ Исльамрэ Оксанэрэ, Мэрщэн МуІэед, Къуэдзокъуэ Аслъам, Чылар Нэсрэн, Дау Іэминэ, Щокъуий Мурат, «Налшык» гупым, «Бзэрабзэ» арт-центрым хэт щІалэгъуалэм, нэгъуэщІхэми. Абыхэм яГъэзэщІэ Лосэн Тимур итха, макъамэ зыщІилъхьэжа е къигъэщІэрэщІэжа уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ ящыщхэр.

«Бзэрабзэ» гупым я лэжьыгъэхэр ди республикэм исхэм я пащхьэм нэхъапэу щагъэлъэгъуэнкъэ я къалэну къалъытати, ар къьхъулІащ. КъыкІэлъыкІуэу щэрджэс адыгэхэр, хьэжрэтхэр, иужькІэ кІэхэхэр абы ирагъэлъпІащ, Тыркум щыІэ ди лъэпкъхэр къэгъуэм я дежи я гуащІэр нахьэсащ. Псом хуэмыдэру лъэпкъ макъамэмрэ пшынальэхэмрэ хуэзэш хэхэс адыгэхэм а лэжьыгъэхэр гунэс зэращІщ адыгэ щІалэхэм, Адыгэ Хасэр щыІэгъуэ ирагъэблагъащ концерт ятыну. Хабзэ зэрыхъуауэ, Илъэсыщ Іэм ирихьэлІэуи пшыхь щІэщыгъуэ ятынущ. Иджыпсту гупым а щэнхабзэ Іуэху дахэхэм, гуапэхэм гупсэхуэ зыхуагъэхьэзыр. Къыхэгъэщыпхъэщ, Лосэн Тимур и концерт программэхэр 3D-кІэ зэрдж Іэмалыщ Іэр къагъэсэбэну, микрофонми фонограммэми пэІэщІу, цІыхухэм щІэщыгъуэ, гъэщІэгъуэн, гукъинэж ящыхьуу къыззэрызэрагъэпэщІщ.

- Ди концерт программэхэм я процент 30-м, языныкъуэхэм я зэхуэдитІыр, уеблэмэ процент 70-м нэблагъэ зэрыщІэкІ къэдгъэщІэжу рр догъэхьэзыр. Ахэр щІэщыгъуэ защІэуи къытхуэзгъэпэщІну Іэмал диІэщ, ауэ щІэ защІэ мыхъуу цІыхухэр зэса, фІыуэ ялъэгъуа ди лэжьыгъэхэри хэдмыгъэхьэу хъурхьэм, - жеІэ Лосэн Тимур. - Апхуэдэу дыбгъэдыхьащ дыгъуасэ, жэпуэгъуэм и 1-м, Налшык щытта пшыхьми и программмэми.

Мы гъэр хуэгъурлыуэ жьыпІэкІэ ущыуэнукъым концерт зыбжанэ, Лосэным и юбилей пшыхьри къызэщІиубыдэу, къызэхъуІа «Бзэрабзэ» арт-центрым. КъищынэмыщІауэ, Тимур итха, куэдым ягу иирихьа «Хэхэс джэгу» пшынальэр зи лъабжьэ кІиІ трахыжри утыку къраХьащ, уеплъ икІи уедаІуэ хъуэ. Лосэным адыгэ щыІэкІэм тету къиГъэщІэрэщІэжа и лэжьыгъэхэр щІэзэхуэхэса пшынальэ, уэрэд альбомэкри къыдигъэкІащ. Мыри кыз-хэдгъэщынщ: я концерт программэхэм я видеонэтынхэр сыт щыгъуи яГъэхьэзырыж, пшыхьхэм зрезымыгъэхьэлІэфахэм е абыхэм къытеЗыгъэзэжу еплъыжыну гукъыдэж зиІэхэм папщІэ. Ахэр телевиденэмкІэ къызэратым къыдэкІуэу, ИнтернетымкІи зэбграгъэх, ди лъэпкъ макъамэм, пшынальэм дуней псом щыпсэу адыгэхэм зыхагъэгъуэзэну Іэмал иІэным хуэгъэпсаУ.

Пасэрей пшынэбзэ дахэр зи лъабжьэ макъамэр щІэщыгъуэ тщищІу нобэ лъэпкъ щэнхабзэр зи Іэпэгъуу утыку ит Лосэным хуэзфІокІ пасэрей зэмаблэм. Тхьэм дыхихьан. ГукІи псэкІи лъэпкъ щэнхабзэм, цІыхубзм апхуэдэу хуэлажьэ щІалэ зэчиифІэхэр дызэриІэр адыгэм и фІыгъуэ мылъытэщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Цыхубэ участковэ

Япэ Іыхьэм пхыкІахэр

КъБР-м щыІэ МВД-м щыхэплъэжащ Урысей МВД-м полицэм и участковэ уполномоченнэ нэхъыбІэхэм ядригъэлъэгъуэкІ «ЦІыхубэ участковэ» урысейпсо зэпеуэм и япэ Іыхьэм кърикІуэм.

ПОЛИЦЭ Іэщ Іагъэхэм ящыщу мыхьэнэшхуэ зиІэ я лэжьыгъэм пэрытхэм я зэфІэкІыр къаззэрыщыхъур ди цІыхухэм къагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ МВД-м и сайтым полицэм и участковэ уполномоченнэхэм папщІэ Іэ щІэпкІэрэ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іэхъуащ Іапіэм щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, япэ Іыхьэр щекІуэкІащ районхэм. Полицэм и участковэ уполномоченнэу 23-рэ зэпеуати, абыхэм ящыщу 11-м зэхьэзэхуэм и етІуанэ Іыхьэм хэтыну хуагъэфэщащ.

Зэпеуэм и япэ Іыхьэм нэхъыбэм Іэ ІэткІэ къыщыхахащ полицэм и лейтенантэу Винавер Ильярэ Плымахуэ Аэзэмэтрэ (Налшык къалэмкІэ УМВД), полицэм и майор Габараев Юрэ (Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэ).

ЕтІуанэ Іыхьэм щызэпеуэну участковзэр щІэбэныну Къэбэрдей-Балъкъэрым и лЫкІуэу кІэух зэхьэзэхуэм хэтыныр зыІэрыгъэхьэныр. Япэ Іыхьэм хуэдэу, нэхъыбІэр щыщыкІуэ КъБР-м щыІэ МВД-м и сайтым и онлайн Іэ Іэтым. ЕтІуанэ Іыхьэр екІуэкІынущ жэпуэгъуэм и 7-16-хэм.

УАРДЭ Жантинэ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр хуощІыгъуэ щэнхабзэмкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ **Дау Марьям ПІатІ и пхъум и анэ Лолэ Уэсмэн и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкІыу.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ» журналым, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм я лэжьакІуэхэр **Хъурей Феликс Ахьмэд и къуэм** хуогузавэ абы и цІыхьгъуэ **Ларисэ Аслъэнбий и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкІыу.

● ХъыбарегъащІэ

ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым дызэрыт мазэм фыщеплъ

Жэпуэгъуэм и 4-м: Касон Алехандрэ и пьесэм къытращІыкІа, Іыхьитіу зэхэт «Хьжьбэ Іуэжь» лирикэ комедиеим.

Жэпуэгъуэм и 9-м: Гецадзе Акакие и пьесэ «Си адэшхуэм фыз къызэришэжар» и пьесэр зи лъабжьэ гушыІэм.

Жэпуэгъуэм и 16-м: Миллер Артур и пьесэмкІэ яГъэуа «Ахэр псори си бынщ» драмэм.

Жэпуэгъуэм и 24-м: Толстой Алексей и пьесэм къытращІыкІа «БгъэмрэБгъэ анэмрэ» драмэм.

Спектаклхэм щыщІидзэнур сыхьэт 19-рщ.

УпщІэ зиІэхэр 42-64-94, 42-33-89 телефонхэмкІэ фыпсалъэ хъунущ.

Заур цІыкІу фыдэІэпыкъу

ДыщэкІ Заур и лъынтхуэм шыкъырышхуэ хэту къалъхуащ. Ар зэран хуохъу и бзэгум, къурмакъейм, къурмакъеищІэм, джийм. Сабийм и ныбжьыр илъэсищ мэхъури, илъэситІыр реанимацэм щихьащ. Шыкъырыр къыхахьи папщІэ щІалэ цІыкІур 11-рэ операцІэ ящІащ.

Операцэхэр хъарзынэу зэфІэкІа хуэдэщ, лыших узыфэр къагъэуВыІащ. Арщхьэкіэ операцэ ящІа Іэпкъльэпкъым и пкъыгъэхэр я пІэм итыжкъым. Абы къызэкІыу Заур кислородкІэ ягъэбауэу аращ, тэмэму шхэфыркъым. Узыфэр зэран зыхуэхьуа Іэпкъльэпкъым и пкъыгъэхэр гъэхъужыным Іэмал имыІэу еІэзэн хуейщ. ЩІалэ цІыкІум и зыужьыкІэм дагъуэ иІэкъым. «Ар адрей къызэрыгуэкІ сабийхэм хуэдэщ, - жаІэ дохутырхэм. - Зэрыджэгу хьэпшыпхэр фІэфІщ, таурыхъхэм йоплъ, йодаІуэ, цІыхухъу нэсым хуэдэуи, языныкъуэхэм деж и хьэлыр къегъэльагъуэ.

ДыщэкІ Заур сэбэп къыщыхуэхуфынущ Берлин щыІэ «Шеритэ» университет клиникэм. Абы папщІэ сом мелуани 10 хуэныкъуэщ. Арщхьэкіэ къызыхэкІа егъэджакІуэмрэ ухуакІуэмрэ я унагъуэм апхуэдиз мылъку яІэкъым. Заур дунейм къытехьа нэужь, и анэ Раметэ сабийм кІэлъыплъыну дэтІысхьэжащ, лэжьапІэм дэкІыжыну абы иджыри зыкъомрэ Іэмал иІэну къыщІэкІынкъым. Нобэ фи дэІэпыкъунытэ дыхуэныкъуэу зыфхудоГъаз9.

Мы зэманым ДыщэкІ Заур щІэпщІ Налшык къалэ дэт Узыфэ хьэлъэ къызэуэІахэм ар ящыгъэпсынщІэным хуэхаха Іузхущ Іапіэм.

Заур и анэ Бер Раметэ Заурбэч и пхъум и банк картэр: 4276600020890311. Картэр епхащ абы и телефон номерым:

8 965 499 89 89.



ЕхъулІэныгъэхэм Нэзрэн щыпащэ

● Футбол

«Ангушт» (Нэзрэн) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:0). Нэзрэн. Аушевым и цІэкІэ щыІэ стадион. ФокІадзм и 30-м. ЦІыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр Къуэшыкъуэ Ю., Къуэшыкъуэ Р., Шрамко А. (псори Белореченск щыщІ).

«**Ангушт**»: Хамхоев, Абубакаров, Аушев, Балаев, Газдиев, Сайнароев, Алиев, Ахриев, Ахильгов Аб. Ахильгов Ал., Парчиев.

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, Велюкаев, Белоусов, Салахетдинов, Тебэрды, КІэдыкІуей, Машэжь, Іэпщащэ (Дзэгу, 73), Мэшыкъуэ Хь., Бацэ (Мэшыкъуэ И., 76), Бажэ.

Топхэр дагъэкІащ: Алиевым, 48 (1:0). Бацэм, 55 (1:1).

Дагъуэ къыхуащІащ: Парчиевым, Ахильгов Ал., Алиевым.

Джэгум къыхахуащ: Ахильгов Ал..

2018 - 2019 гъэхэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм зи Іэхуэхэр нэгъуэщІ щыпІэхэм куэдкІэ нэхъ къыщикІ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я екъуІэныгъэхэм къыпащэну я мураду Нэзрэн кІуащ. Абы и «Ангушт» командэр а лъэхъэнэм и деж зэи щытекІуатэкъым, ди щІалэхэр хамэ щІадиІэн зэи къыщыхагъэщІатэкъым (4-м къыщащ, 1-м зэрыщытегъэкІуакъым). А хабзэм тетыну хьэщІэхэр хьэзыгрт икІи япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ ебгъэрыІуэныгъэр тегъэщІапІэ ящІащ. Уеблэмэ мыгузэу топыр гъуэм дагъэхьат, арщхьэкІэ судьям хибжакъым.

Нэзрэндэсхэри япэ текІуэныгъэм хуэпабгъэрт. ЕтІощІанэ дакъикъэм абыхэм бжыгъэр къызэІуахыным зымащІэ дыдэщ иІэжар, арщхьэкІэ Парчиевыр лъэщу зэуа топым ди гъуащхьэтет Щоджэным кьригъэгъэзэфащ.

Загъэпсэхуну икІыным куэд къэмынэжауэ «Ангушт»-м зы футболист хэщІащ: фэбжьышхуэ иридзынкІэ шынагъуэ щыІэу Ахильговым Велюкаевыр ириудащ. Абы папщІэ дагъуэ къыхуэщІа судьям ар еІунщащ икІи напІэзыпІэм джэгум къыхахуащ.

БжыгъэкІэ зэребэкІым «Спартак-Налшыкым» ехъулІэныгъэ къыхуихьыну щыгугъаэр щыуащ. Загъэпсэхуу къызэрихьэжу Алиевым хэгъэрейхэр япэ иригъэщащ икІи ди щІалэхэм я Іуэхур гугъу ищІащ.

Насып иІэти, «Спартак-Налшыкым» псынщІэу зыззэщІиубыдэжащ. Дакъикъыблым кьриубыдэу Бацэ Къантемыр бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ, щхьэкІэ топыр гъуэм дигъэкІри.

Джэгум хуэхаха зэманыр и кІэм нэблагъэхуэкІэ ди щІалэхэр нэхъ къаруушуэхІэ ебгъэрыкІуэрт. Абыхэм Іэмал гъуэзэдж зыбжанэ яІащ текІуэныгъэр зыІэрагъэхьану, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, сыт щыгъуи зымащІэ дыдэ яхуригъкъужакъым.

Хамэ щІыпІэхэм и очко бжыгъэхэм щыхигъэхъуэныр «Спартак-Налшыкым» Нэзрэни къыщыпищащ. Иджы и чэзу хьуащ ди стадионми дыщигъэгуфІэну. Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэхэр щІохъуэпс зыдащІ командэм и текІуэныгъэр я нэкІэ зрагъэльагъуну.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ вэсэмахуэ зэІуцІэ хьэлэмэт щызэхэтащ Песчанокопскэ посёлкэм. Абы щызэпэщІэжащ зэпеуэм бжьыпэр щызыІыгъ щІыпІэ командэмрэ очко бжыгъэкІэ зыкІи къыпимыкІуэт Краснодар и «Урожай»-мрэ. Аргуэрыжьи, нэхъ льэщыр зэхэкІакъым: бжыгъэр къызэІуамыхьэу икІи щхьэж и увыпІэм кьинэжауэ лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкІыжащ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ иужь джэгугъуэм кьрикІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **2:1**, «**Дружба**» (Мейкьуапэ) - «**Краснодар-3**» (Краснодар) - **1:0**, «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - «**Легион-Динамо**» (Махъэчкъалэ) - **1:0**, **СКА** (Дон Іус Ростов) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **2:2**, «**Чайка**» (Песчанокопское) - «**Урожай**» (Краснодар) - **0:0**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Академия**» (Дон Іус Ростов) - **2:2**.

КъыкІэпъыкІуэ джэгуГъуэр жэпуэгъуэм и 5-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» кьригъэблэгъэнущ Прогрессым и «Биолог-Новокубанск»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Чайка»	9	7	2	0	19-7	23
2. «Урожай»	9	7	2	0	14-5	23
3. «Дружба»	9	7	0	2	14-5	21
4. «Волгарь»	9	5	2	2	14-10	17
5. «Спартак-Налшык»	9	4	3	2	14-11	15
6. «Черноморец»	9	4	2	3	21-9	14
7. «Биолог-Новокубанск»	9	4	1	4	12-9	13
8. «Мэшыкъуэ-КМВ»	10	3	4	3	10-11	13
9. «Легион Динамо»	10	2	4	4	13-14	10
10. СКА	10	2	4	4	8-12	10
11. «Ангушт»	9	1	6	2	6-7	9
12. «Спартак-Владикавказ»	10	2	2	6	10-16	8
13. «Динамо-Ставрополь»	9	1	2	6	9-19	5
14. «Краснодар-3»	9	1	2	6	6-21	5
15. «Академия»	10	1	2	7	9-23	5

Жэпуэгъуэм екІуэкІыну зэІущІэхэр

Урысей Федерацэм и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп

ЕпщыкІуэнэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 5
(мэрем)

«**Краснодар-3**» (Краснодар) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) «**Академия**» (Дон ус Ростов) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) «**Урожай**» (Краснодар) - «**Дружба**» (Мейкьуапэ)

«**Спартак-Налшык**» (Налшык) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Ангушт**» (Нэзрэн)

«**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **СКА** (Дон ус Ростов)

«Волгарь» (Астрахань) - «Чайка» (Песчанокопское)

ЕпщыкІутІанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 10
(бэрэжьей)

«Динамо-Ставрополь» - «Урожай»
«Дружба» - «Волгарь»
«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Краснодар-3»
«Биолог-Новокубанск» - «Черноморец»
СКА - «Ангушт»
«**Чайка**» - «**Спартак-Налшык**»
«Легион Динамо» - «Академия»

ЕпщыкІущанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 14
(тхьэмахуэ)

«Урожай» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Краснодар-3» - «Спартак-Владикавказ»
«Волгарь» - «Динамо-Ставрополь»
«Черноморец» - «Чайка»
«Ангушт» - «Биолог-Новокубанск»
«Академия» - СКА
«**Спартак-Налшык**» - «**Дружба**»

ЕпщыкІулІанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 21
(тхьэмахуэ)

«**Динамо Ставрополь**» - «**Спартак-Налшык**»
«Дружба» - «Черноморец»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Волгарь»
«Легион Динамо» - «Краснодар-3»
«Чайка» - «Ангушт»
СКА - «Биолог-Новокубанск»
«Спартак-Владикавказ» - «Урожай»

ЕпщыкІутхуанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 27
(щэбэт)

«Волгарь» - «Спартак-Владикавказ»
«Урожай» - «Легион Динамо»
«**Спартак-Налшык**» - «**Мэшыкъуэ-КМВ**»
«Ангушт» - «Дружба»
«Биолог-Новокубанск» - «Чайка»
«Краснодар-3» - «Академия»
«Черноморец» - «Динамо Ставрополь»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат
ПІощІрэ еханэ джэгугъуэ

Жэпуэгъуэм и 6
(щэбэт)

«Автозапчасть» (Бахъсэн) - «ХьэтІохъущыкъуей»
(ХьэтІохъущыкъуей)
«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Іслъэмей» (Іслъэмей)
«Кьундетей» (Шэджэм) - «Налшык» (Налшык)
«Керт» (Къэзэрыкъуей) - «Тэрч» (Тэрч)
«Жэпуэгъуэм и 7
(тхьэмахуэ)
«Нартан» (Нартан) - «Родник» (Псынэдахэ)
«Малка» (Малкэ) - «Нарт» (Нарткъалэ)
«Союз» (Сэрмакъ) - «Шэрджэс» (Шэджэм)
«Бедик» (Арщыдан) - «Псыкуэд» (Псыкуэд)

ПІощІрэ ебланэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 13
(щэбэт)

«Малка» - «Кьундетей»
«Налшык» - «Нартан»
«Родник» - «Автозапчасть»
«Тэрч» - «Союз»

Жэпуэгъуэм и 14
(тхьэмахуэ)

«Керт» - «ЛогоВАЗ»
«Шэрджэс» - «Бедик»
«Псыкуэд» - «Нарт»
«ХьэтІохъущыкъуей» - «Іслъэмей»

ПІощІрэ еянэ Жэпуэгъуэм и 20
(щэбэт)

«ЛогоВАЗ» - «ХьэтІохъущыкъуей»
«Автозапчасть» - «Налшык»
«Нартан» - «Малка»
«Къундетей» - «Псыкуэд»

Жэпуэгъуэм и 21
(тхьэмахуэ)

«Бедик» - «Тэрч»
«Іслъэмей» - «Родник»
«Нарт» - «Шэрджэс»
«Союз» - «Керт»

ПІощІрэ ебгъуанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 27
(щэбэт)

«Тэрч» - «Нарт»
«Псыкуэд» - «Нартан»
«Малка» - «Автозапчасть»
«Налшык» - «Іслъэмей»

Жэпуэгъуэм и 28
(тхьэмахуэ)

«Союз» - «ЛогоВАЗ»
«Керт» - «Бедик»
«Шэрджэс» - «Кьундетей»
«Родник» - «ХьэтІохъущыкъуей»

● Дзюдо

Адыгэхэм я махуэшхуэм и щІыхькІэ

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм ирихьэлІэу Кэнжэ къуажэм щекІуэкІ дзюдомкІэ республикэпсо зэхьэзэхуэр. Абы хэтащ зи ныбжьыр илъэс 14-м нэблагъэ спортсмен 100-м щІигъу.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кІрихьэлІахэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ икІи махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ Кэнжэ къуажэ администрацэм и Іэтащ **Пщынокъуэ Олег**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщІэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд**, къуажэ спорт комплексым и унафэщІ **Сэралъп Олег** сымэ, нэгъуэщІхэри.

- Нобэ дыполлъэ дэтхэнэ зыми зэІуцІэ дахэ, удэзыхьэх къэвгъэльэгъуэну. Псори фызэрыщыгъуазэщи, ди лъэпкъэгъу Мудрэн Беслъан Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа Олимп джэгухэм дзюдомкІэ дыщэ медалыр къыщихьащ. Дэтхэнэ зыми ар фи пІлъапІэ фыкъэхъуну ди гуапэщ. Спортым къыщынэмыщІауэ, еджэным, гъащІэм фызыхуейр щыщыІэрыгъэгъэхьэну сыныбжьыхъуэ, - заохуигъэзащ спортсмен ныбжьыщІэхэм Хьэфыщ Мухьэмэд. - 2014 гъэм Хасэм къыхилхьащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр гъэзыныну теухуа жэрдэмыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм ар къыддиІэгъащ икІи абы и унафэм ипкъ иткІэ фокІадзм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэу ялъытэ.

Адэкіэ зэхьэзэхуэм щІадзащ. Зыхэта гупхэм щекІуэкІа зэпэщІэтыныгъэ гуащІэхэм нэхъ лъэщу къыщыщІэкІащ Щад Алимбэч (кг 35-рэ), Мурачай Ихьсан (кг 38-рэ), Мамий Аскэр (кг 42-рэ), Жэмыхьуэ Марат (кг 46-рэ), Жангуразов Солтан (кг 50), Гупюев Тамерлан (кг 55-рэ), Щауэ Къантемыр (кг 60), Кьанкъуі Давид (кг 66-рэ), Николаев Алан (кг 73-рэ), Беслъэней Идар (кг 73-м щІигъу) сымэ.

ТекІуахэмрэ ныхэжаныкІахэмрэ кубокхэр, медалхэр, щІыхь тхьилъэр ираташ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашюкъуэ Зэлэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маринэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэныджэ Замирэ, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр **360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарьм - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарьм - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхущхьэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узынщагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыдэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтехуу зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэзащ и 19-м Печатным и хэутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыІналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Индексыр 51531 ● Тираж 2.108 ● Заказ №974

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.). Компьютерк Іэ газетым и тепІэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанищэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.